# Baspasóz hám ǵalaba xabar quralları xızmetkerlerine Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi menen Ministrler Keńesiniń bayram qutlıqlawı

Image not found or type unknown

**Áziz doslar!**

Eń dáslep, mashaqatlı hám maqtanıshlı kásip iyeleri – baspasóz hám ǵalaba xabar quralları wákillerin, barlıq jurnalistlerimizdi, taraw pidayıları hám veteranların kásiplik bayramıńız – Baspasóz hám ǵalaba xabar quralları xızmetkerleri kúni menen Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi hám Ministrler Keńesi atınan qızǵın qutlıqlaymız.

Xalqımız Sizlerdi tereń pikirleytuǵın, bilimli, joqarı insanıylıq pazıyletleri hám ózine tán mádeniyatı menen ajıralıp turatuǵın, óz ómirin insanlardıń quwanıshları menen táshwishlerin bólisiwge, olardıń mashqalalardıń sheshiwge baǵıshlaǵan mashaqatlı hám sawaplı kásip iyeleri sıpatında qádirleydi hám ayrıqsha húrmet etedi.

Sońǵı jılları elimizde Húrmetli Prezidentimizdiń basshılıǵında málimleme tarawın reformalaw, málimleme hám sóz erkinligin támiyinlew, ǵalaba xabar qurallarán hár tárepleme qollap-quwatlaw, taraw pidayılarınıń miynetlerin múnásip xoshametlew máselelerine joqarı itibardıń qaratılıwı – bul dóretiwshi insanlardıń tereń izleniwler alıp barıp, dáwir talabına say jumıs islewine bekkem tiykar bolmaqta.

Bul baǵdarda Sizlerdiń tınımsız xızmetlerińizdi, ásirese turmısımızda júz berip atırǵan tariyxıy ózgerisler menen jańalanıwlardı insanlarǵa qalıs jetkeriw, jaslarımızdıń qálbinde ana-Watanımızǵa, xalqımızǵa degen sadıqlıq sezimlerin taǵı da kúsheytiw, olardı jat ideyalar tásirinen qorǵaw, orınlarda ushırasıp atırǵan mashqalalarǵa mámleketlik uyımlar menen keń jámiyetshiliktiń itibarın qaratıw, olardı saplastırıw jolında alıp barıp atırǵan dóretiwshilik miynetlerińizdi joqarı bahalaymız.

Ózlerińiz jaqsı bilesizler, Húrmetli Prezidentimiz ótken jıldıń 29-dekabr kúni Ózbekstan

Respublikası Oliy Majlisine jollaǵan Múrájatında ashıq-aydınlıq hám sóz erkinligi bul – dáwir talabı ekenligin, sóz erkinligin támiyinlew, ǵalaba xabar qurallarınıń hár tárepleme rawajlandırıw, jurnalist hám blogerlerdiń erkin jumıs islewi ushın huqıqıy tiykarlardıń jáne de kúsheytiletuǵınlıǵın ayrıqsha atap ótti.

Haqıyqatında da, elimiz rawajlanıwdıń jańa basqıshlarına kóterilip atırǵan búgingi kúnde ǵalaba xabar qurallarınıń dáwir menen teń qádem taslawın támiyinlew, tarawdaǵı reformalardı jáne de tereńlestiriw, elektron málimleme tarqatıw sistemasın rawajlandırıw, baspasóz hám málimleme tarawınıń sapasın hám tásirsheńligin arttırıw oǵada áhmiyetli máselelerden sanaladı.

Óytkeni, mámleket hám jámiyet arasında sapalı pikirlesiwdi jolǵa qoyıw, mámleketlik hám xojalıq basqarıw uyımları, jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımları jumısınıń ashıq-aydınlıǵın támiyinlew, xalıqqa operativ, qalıs hám isenimli málimlemelerdi jetkerip beriw – insanlardı turmıstan razı etiwdiń áhmiyetli ólshemlerinen birine aylanıp barmaqta.

Turaqlı izleniwdi talap etetuǵın bunday mashaqatlı hám juwapkerli iste Sizlerdiń bilim hám tájiriybeńizge, pidayılıǵıńız benen jankúyerligińizge, xalqımızǵa hám ana-Watanımızǵa sadıqlıq penen xızmet etetuǵınıńızǵa bekkem isenemiz.

Ásirese elimiz ǵárezsizliginiń 30 jıllıǵı keńnen belgileniwi kútilip atırǵan bıyılǵı jılda xalqımızdı jáne de ullı dóretiwshilik islerge ruwxlandırıw jolındaǵı iygilikli islerińizdi joqarı bahalaymız.

Tiykar salınǵanına bıyılǵı jılı 90 jıl tolıp atırǵan Qaraqalpaqstan Respublikası Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar basqarması hámde «Qaraqalpaqstan jasları» gazetasınıń miynet jámáátlerine, jarıq kórgeniniń 75 jıllıǵın keńnen belgilep atırǵan rayonlıq «Xalq minbari» hámde «Miynet bayraǵı» gazetalarınıń dóretiwshi insanlarına, 50 jıldan berli óz oqıwshılarına iye bolıp kiyatırǵan «Qanlıkól xabarları» gazetasınıń hámde bir qatar tarawlıq basılımlardıń pidayıları menen turaqlı oqıwshılarına ózimizdiń joqarı húrmetimizdi bildiremiz.

**Qádirli doslar!**

Bársheńizdi kásiplik bayramıńız benen jáne bir márte qızǵın qutlıqlap, Sizlerge bekkem densawlıq, shańaraqlarıńızǵa amanlıq, payız hám bereket, dóretiwshilik jumıslarıńızda tasqın tabıslar tileymiz.

**Qaraqalpaqstan Respublikası**

**Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı** **M.Kamalov**

**Qaraqalpaqstan Respublikası**

**Ministrler Keńesiniń Baslıǵı** **Q.Sariev**